Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

DEKONEKTE, SOTI DEYÒ: GOUVÈNÈ HOCHUL ENVITE NOUYÒKÈ YO POU YO EKSPERIMANTE AKTIVITE DEYÒ NAN KAD SELEBRASYON 'JOUNEN SÒTI DEYÒ AK RANSANBLE' 2026 LA SAMDI 13 JEN AN

Lwazi enklizif ak aksesib pou tout fanmi nan plizyè kote atravè Eta Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a selebrasyon "Jounen Sòti Deyò ak Rasanble" nan Nouyòk. Evènman yo ap fèt samdi 13 jen nan plis pase 20 kote atravè Eta Nouyòk kòm yon pati nan inisyativ "Dekonekte, Soti Deyò (Get Offline, Get Outside)" Gouvènè a, epi pou mete aksan sou elajisman aksè sou tè piblik eta yo ki te anonse pandan Diskou Eta Leta li a. Evènman yo rasanble moun tout kapasite, laj, idantie ak orijin ak tout orijin ansanm pou yon jounen plezi ak aktivite ki bon pou sante.

"Mwen toujou di ke pak ak tè eta nou yo se pou tout moun, epi 'Jounen Dekonekte, Soti Deyò ak Rasanble' a se envitasyon mwen bay tout Nouyòkè yo, kèlkeswa orijin yo oswa kapasite yo, pou yo soti deyò epi fè eksperyans bote deyò ki inikman pou nou isit la nan Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane sa a mwen te devwale inisyativ mwen an 'Tè sa yo se pou tout moun' epi n ap envesti plis toujou nan amelyorasyon pou asire ke tè eta nou yo aksesib, enklizif, epi akeyan pou rezidan yo ak vizitè yo san distenksyon. Nou vle tout moun jwi pak ak tè eta Nouyòk yo."

Se Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Perseveration) (Parks) ki òganize evènman ane sa a, an patenarya ak Biwo Ofisye an Chèf pou Moun ki gen Andikap (Office of the Chief Disability Officer), Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD), Depatman Sèvis pou Veteran (Department of Veterans' Services, DVS), Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), ak Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal (Justice Center for the Protection of People with Special Needs). Ane sa a, College of Staten Island (CSI) CUNY pral òganize yon evènman tou sou pwopriyete yo nan Staten Island.

Nan 21 lokal atravè eta a, yo pral ankouraje patisipan yo dekouvri nouvo konpetans epi jwi yon seri aktivite lwazi anplennè nan nivo debitan tankou lapèch, pwomnad nan lanati ak randone, obsèvasyon zwazo, tire flèch, pagay, demonstrasyon kan ak plis ankò. Ap gen aktivite pou fanmi yo tou tankou jwèt sou gazon ak aktivite atistik.

Chak evènman pral mete aksan sou fason pou jwi aktivite anplennè yo san danje epi yon fason dirab. Tout lokal yo pral ofri yon varyete aktivite aksesib epi sèvi ak ekipman adaptasyon ak demonstrasyon yo pral bay nan anpil sit, ki gen ladan èd pou deplase sou santye ak plaj, tire flèch, sipò pou ede moun tire ak lak, sipò pou bra pou moun k ap peche, ekipman adaptatif pou obsèvasyon zwazo, ak plis ankò. Gen kèk sit ki pral gen prè pou modèl aparèy teknoloji asistans ki soti nan sant rejyonal Asistans ki gen Rapò ak Teknoloji pou Moun ki gen Andikap (Technology-Related Assistance for Individuals with Disabilities, TRAID) nan Nouyòk la. Ane sa a, anpil sit pral ofri tou twous pou aktivite sansoryèl ak zòn trankil ki deziyen pou sa.

Jounen Soti Deyò ak Rasanble Nouyòk la kowenside ak Jounen pou Soti Deyò Nasyonal (National Get Outdoors Day) la, yon evènman anyèl pou ankouraje amizan deyò ki an sante ak aktif. Pifò selebrasyon "Jounen Soti Deyò ak Rasanble" yo ap fèt apati 10:00 a.m. jiska 2:00 p.m. ak kèk eksepsyon. Orè ak kote egzak yo disponib sou sitwèb Jounen Soti Deyò ak Rasanble a nan www.ny.gov/GOGTDay ak sou sitwèb Pak Eta yo ak DEC yo.
Evènman sa yo konplete inisyativ aksesibilite ak enklizyon Gouvènè Kathy Hochul la ki se "Tè sa yo se pou Tout Moun" ki te anonse nan Diskou Eta Leta a pou 2026 la. Pou asire espas ouvè Nouyòk yo aksesib e enklizif, "Tè sa yo se pou Tout Moun" lan pral envesti nan eksperyans enklizif, sansoryèlman akeyan ak aksesib, tankou ekspozisyon taktil, chemen sansoryèl, ak sant nati enklizif yo pou asire tout timoun ak adilt ka pwofite bèl richès natirèl Nouyòk yo.

Ofisye an Chèf pou Moun ki Andikape nan Eta Nouyòk yo, Kimberly Hill Ridley, te deklare, "Antanke Ofisye Anchèf pou Andikap nan Nouyòk, mwen pa ka tann evènman sa a chak ane epi mwen wè Nouyòkè yo, tankou moun ki andikape yo, reyini ansanm epi pwofite espas deyò Nouyòk yo. Mwen fyè de tout sa Gouvènè Hochul akonpli pou amelyore opòtinite pou moun ki andikape yo epi pou enkli pèspektiv ak bezwen yo lè y ap elabore politik piblik yo."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal nan Eta Nouyòk la, Willow Baer, te deklare, "Vrè enklizyon pa sèlman lè yo envite moun, men lè moun santi yo fè pati yon kote tout bon vre lè yo rive yon kote paske yo te pran an konsiderasyon bezwen yo. Lè nou wè moun ki gen andikap ak moun ki pa andikape ap jwi espas deyò espektakilè ak aksesib Nouyòk yo ansanm epi ap jwi konpayon youn lòt, sa fè nou sonje jan vrè enklizyon an parèt ak jan li ye nan fon kè nou. Mwen aplodi angajman Gouvènè Hochul pou asire ke tout Nouyòkè yo an sekirite nan lari nou yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk (New York State Department of Environmental Conservation), Amanda Lefton, te deklare, "Evènman selebrasyon anyèl 'Jounen Soti Deyò ak Rasanble' atravè eta a ranfòse angajman Gouvènè Kathy Hochul pou bay yon eksperyans deyò akeyan ak enklizif pou Nouyòkè tout laj, kapasite, tout idantite, ak tout eksperyans lavi yo. Atravè nouvo inisyativ tankou envestisman Gouvènè a nan pwogram "Tè sa yo se pou tout Moun" ak resous aksesiblite ak sansibilizasyon ki deja egziste yo, DEC fyè pou l asosye avèk OPWDD, Pak Eta yo, ak tout ajans patnè nou yo pou yon lòt fwa ankò ede moun yo

dekonekte sou entènèt ak soti deyò pou yo ka pwofite tout sa deyò a gen pou l ofri yon fason ki an sekirite epi dirab."

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la, Kathy Moser, te deklare, "Pak eta Nouyòk yo, sit istorik yo ak tè piblik yo se kote tout moun ta dwe santi yo byenveni, enkli, epi enspire. 'Jounen Soti Deyò ak Rasanble' se yon rapèl pwisan sou sa espas sa yo ye - rasanble moun, retire baryè, epi kreye opòtinite pou tout Nouyòkè yo fè eksperyans benefis fizik, mantal ak sosyal deyò a. An kolaborasyon avèk Gouvènè Hochul, nou fyè pou nou kontinye elaji aksè a pak nou yo pou chak vizitè ka dekonekte, soti deyò epi santi yon vrè sans apatenans."

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk la, Viviana M. DeCohen, te deklare, "Pou tout moun ki te sèvi yo, aktivite deyò a plis pase yon kote — li kapab yon chemen pou retounen nan koneksyon, byennèt, lapè ak yon objektif. Inisyativ mayifik Gouvènè Hochul la, ki rele Dekonekte, Soti Deyò, ouvri pòt la pou plis veteran, manm sèvis ak fanmi militè yo ka fè eksperyans pouvwa gerizon lanati, bote peyizaj deyò Nouyòk yo, ak fòs ak tèt ansanm kominote a. Depatman nou an ap tann ak enpasyans pou l patisipe ankò nan evènman Jounen Soti Deyò ak Rasanble a epi li fyè pou l kontinye kanpe avèk patnè eta nou yo pou asire ke pak ak tè piblik Nouyòk yo akeyan, aksesib, epi pare pou akeyi tout moun k ap chèche renouvèlman ladan yo. Nou rekonesan pou lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul la k ap bay yon eta ki pi enklizif, abòdab e akeyan."

Doktè Ann Sullivan, Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare, "Pase tan deyò amelyore byennèt mantal nou epi diminye strès. 'Jounen Soti Deyò ak Rasanble' fè nou sonje pouvwa gerizon lè w soti deyò, sitou nan mayifik sistèm pak eta nou an. Nou fyè dèske nou kolabore ak lòt ajans parèy nou yo pou ede tout Nouyòkè yo rekonèt valè bèl kote sa yo ak benefis yo ka bay tout Nouyòkè yo. Evènman sa a konfime ankò sipò solid Gouvènè Hochul pou sistèm pak nou an ak angajman kontinyèl li pou amelyore byennèt mantal nan tout eta nou an."

Direkris Egzekitif Enterimè Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki Gen Bezwen Espesyal nan Eta Nouyòk, Maria Lisi-Murray, te deklare, "Nou onore pou sipòte inisyativ 'Dekonekte, Soti Deyò' Gouvènè Hochul la kòm yon esponnsò pou evènman ane sa a epi pou ede tout moun fè eksperyans gwo aktivite deyò yo. Travay nou nan Sant Jistis la se ankouraje anviwònman ki an sekirite e enklizif pou tout Nouyòkè e sa gen ladan l pwomosyon pwogram tankou TRAID, ki ka ede moun pwofite gwo aktivite deyò yo. Finanse atravè sibvansyon federal, TRAID administre atravè Sant Jistis la epi li ofri prè pou aparèy teknoloji asistans bay moun ki andikape, gratis, tankou aparèy ki ede moun eksplore pak, plaj ak espas deyò. Sant TRAID rejyonal nou yo atravè Nouyòk ap fè demonstrasyon kèk nan teknoloji sa yo nan divès sit Jounen Soti Deyò ak Rasanble yo. Pa bliye pase vizite nou!"

Senatè Eta a, José M. Serrano, te deklare, "Pase tan deyò se youn nan pi bon fason pou sipòte byennèt mantal ak fizik epi Eta Nouyòk se lakay kèk nan pi bon pak ak espas vèt yo. Antanke prezidan Komite Sena a sou Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi,

mwen ankouraje tout moun pou yo soti deyò epi selebre 'Jounen Soti Deyò ak Rasanble' a. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a, Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Perseveration), ak tout moun ki te patisipe nan pote evènman enteresan sa yo nan divès kote atravè eta a, pou asire ke tout Nouyòkè yo ka pwofite anpil aktivite lwazi deyò ke Nouyòk gen pou l ofri."

Senatè Eta Patricia Fahy te deklare, "Nan nò Eta Nouyòk gen kèk nan pi gwo trezò ekolojik ak anviwònmantal nan peyi a, e kèk ladan yo pwoteje isit la nan Rejyon Kapital la avèk èd Friends of Five Rivers. Lè w soti deyò, sa ka ede w amelyore sante mantal ak fizik ou epi ba w yon ti chans pou chape anba woutin chak jou yo. Pandan plizyè dizèn ane, volontè yo ak Eta Nouyòk te travay pou pwoteje resous edikatif anviwònman vital sa a, epi pandan Jounen Soti Deyò ak Rasanble ane sa a, mwen ankouraje tout moun nan Rejyon Kapital la pou yo pase nan Sant Edikasyon Anviwònman Five Rivers la epi aprann yon ti kras plis sou sa ki nan pwòp lakou lakay yo!"

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Pak ak tè piblik Nouyòk yo ta dwe kote tout moun santi yo byenveni epi enkli. Antanke Prezidan Komite Asanble Moun Andikape yo, mwen sipòte totalman inisyativ tankou Jounen Soti Deyò ak Rasanble a ki elaji aksè ak rekreyasyon deyò epi kreye plis opòtinite pou moun ki gen tout kapasite yo patisipe ansanm ak fanmi yo ak zanmi yo. Soti nan ekipman adaptatif rive nan aktivite sansoryèl, efò sa yo ede asire ke plis Nouyòkè ka jwi aktivite deyò a epi patisipe nan eksperyans ki reyini kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li bay inisyativ aksesibilite sa yo atravè Eta Nouyòk la."

Kote sa yo pral òganize Jounen Soti Deyò ak Rasanble an 2026.

Long Island

- Hempstead Lake State Park in partnership with DEC (Nassau County)
- Sunken Meadow State Park (Suffolk County)

New York City

- College of Staten Island (Richmond County)
- Denny Farrell Riverbank State Park (New York County)

Mid-Hudson

- Sterling Forest State Park (Orange County)

- Stony Kill Farm Environmental Education Center (Dutchess County)
- Kenneth L. Wilson Campground (Ulster County)
- Catskills Visitor Center (Ulster County)

Capital Region

- Lake Taghkanic State Park (Columbia County)
- Five Rivers Environmental Education Center (Albany County)
- Saratoga Spa State Park (Saratoga County)
- North-South Lake Campground (Greene County)
- Scaroon Manor Campground (Warren County)

North Country

- Southwick Beach State Park in partnership with DEC (Jefferson County)

Central New York

- Chenango Valley State Park (Chenango County)

- NYSDEC's Onondaga Lake Visitors Center (Onondaga County)

Finger Lakes

- Mendon Ponds Park in conjunction with the ADK Outdoor Expo (Monroe County)

Western New York

- Allegany State Park (Cattaraugus County)
- Darien Lakes State Park (Genesee County)
- Reinstein Woods Environmental Education Center in partnership with State Parks (Erie County)

Southern Tier

- Taughannock Falls State Park (Tompkins County)

Aktivite nan selebrasyon Jounen Soti Deyò ak Rasanble yo ka gen ladan bagay sa yo:

- **Kan 101:**Vizitè yo ka eseye teknik debaz kanping yo lè yo plante yon tant sou gazon an epi aprann kijan pou yo fè valiz pou yon vwayaj kanping.
- **Obsèvasyon zwazo:**Patisipan yo ka aprann kijan li fasil ak amizan pou jwi obsèvasyon zwazo prèske nenpòt kote.
- **Randone:** Patisipan yo ka fè yon pwomnad kout oswa yon ti randone epi aprann baz yo pou jwenn santye pafè yo poukont yo.
- **Sekirite Anplennè:**Aprann baz pou rete prepare ak san danje pou tout avanti anplennè yo se bon bagay.
- **Lwazi anplennè ki aksesib:**Fè eksperyans ak aprann sou opòtinite lwazi anplennè ki aksesib sou teren Eta a yo ki gen ladan randone, kan, obsèvasyon zwazo, lapèch ak navigasyon bato.

- **Atizay ak Atizana:** Patisipe nan aktivite atistik ak atizanal tankou fabrike bwat pou bay zwazo manje ak fwi pichpen pou pote lakay nou.
- **Jwèt sou gazon:** Vin goute eksperyans nan jwèt tankou ladèbòl (ladderball), jwèt rale bag (ring toss), ak tik-tak-to pandan n ap pwofite aktivite deyò a.
- **Foto:**Vin fè foto nan gwo kad foto espesyal nou an ki fèt pou Jounen Soti Deyò ak Rasanble a.
- Kote yo Seleksyone yo pral gen ladan tou klinik kenbe epi lage I Fish NY la ak baton lapèch ak moulinè ki disponib pou prete; entwodiksyon pagay nan dlo a; ak entwodiksyon lansman flèch, ki gen ladan konsèy sekirite enpòtan yo.

Tout kote yo ofri opsyon ki aksesib pou chèz woulant, tankou twalèt, ansanm ak aktivite ak kèk opòtinite rekreyatif yo chwazi yo. Ekipman adaptab ap disponib pou aktivite seleksyone nan tout sit k ap patisipe yo. Kontakte kowòdonatè evènman an dirèkteman avèk demann pou aranjman epi pou konnen ekipman ak aktivite adapte yo ofri nan chak sit.

Ou ka jwenn detay sou evènman ki fèt sou tè eta DEC yo, tankou orè ak lis aktivite yo, sou paj "Jounen Soti Deyò ak Rasanble" a.

Ou ka jwenn sèvis pou vizitè yo ansanm ak detay sou pwogram ak orè pou evènman ki fèt nan Pak Eta yo lè w vizite parks.ny.gov.

Pou plis detay sou evènman an nan College of Staten Island, kontakte OPWDD nan communications.office@opwdd.ny.gov
Jounen "Sòti Deyò ak Rasanble a" se yon evènman gratis. Pakin nan tout sit DEC yo ak nan College of Staten Island lan gratis. P ap gen frè paking pandan evènman yo nan Pak Eta Nouyòk yo.

Evènman ki fèt nan Vil Nouyòk ak Long Island yo, ki sitiye nan Pak Eta Denny Farrell Riverbank, Pak Eta Hempstead Lake, ak Pak Eta Sunken Meadow, se evènman ki trè popilè, epi gen pakin limite ki disponib pou gwo kamyonèt ki pote pi gwo gwoup nan sit sa yo, eksepte pou College of Staten Island. Si ou gen yon bis oswa yon gwo kamyonèt ou bezwen estasyone nan nenpòt kote, tanpri kontakte etablisman an dirèkteman pou mande si gen plas pakin ki disponib anvan ou rive. Pou kesyon sou pakin nan College of Staten Island, kontakte OPWDD nan communications.office@opwdd.ny.gov
Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta Nouyòk la jere de milyon ekta tè piblik, ki gen ladan yon milyon ekta nan rezèv forè Adirondack ak Catskill yo, plis pase 55 tèren kan ak espas yo itilize lajounen, plis pase 8,047 kilomèt (5,000 mil) santye fòmèl, ak plizyè santèn pwen depa santye, anbakasyon bato, ak apontman pou lapèch yo. Planifye pwochen avanti andeyò you epi konekte avèk nou
sou Facebook, Bluesky, X, Flickr ak Instagram.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, epi li akeyi plis pase 88 milyon vizitè chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje aplikasyon NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518-

474-0456. Konekte avèk nou sou Facebook, Instagram, X, LinkedIn, Blòg OPRHP oswa atravè Sal Laprès OPRHP la.

Biwo Eta Nouyòk pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) yo bay sipò ak sèvis bon kalite ki santre sou moun pou moun ki gen andikap devlòpmantal yo, sa gen ladan andikap entelektyèl, paralezi serebral, sendwòm Down, twoub espèk otis ak lòt andikap newolojik. OPWDD bay sèvis dirèkteman ak atravè yon rezo founisè sèvis ki san bi likratif. Misyon OPWDD se ede moun ki gen andikap devlòpmantal yo viv lavi ki pi rich ki gen ladann relasyon ki gen sans, bon sante, kwasans pèsonèl, ak yon kay ki sipòte yo patisipe nan kominote pa yo. Pou plis enfòmasyon vizite opwdd.ny.gov oswa konekte avèk nou sou Facebook, X ak Instagram.

Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk, sèvi veteran Nouyòk, militè ak fanmi militè yo ak fyète, sa ki konekte yo ak benefis, sèvis ak sipò. Tout moun ki te sèvi yo ta dwe kontakte Depatman an nan 888-838-7697 oswa sou sit entènèt li a – — veterans.ny.gov — pou rankontre an pèsòn oswa vityèl ak yon Konseye Benefis Veteran ki akredite pou resevwa benefis yo te genyen yo. Swiv DVS sou Facebook, Instagram, X, ak LinkedIn.

Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk la ankouraje pou fè pwomosyon pou sante mantal tout Nouyòkè yo, avèk yon enterè patikilye sou bay espwa ak rekiperasyon pou adilt ki gen maladi mantal grav ak timoun ki gen gwo twoub emosyonèl. Ajans lan sipèvize yon gwo sistèm sante mantal ki gen plizyè aspè epi ki sèvi prèske 800,000 moun chak ane. OMH jere 3,597 kabann lopital nan 23 sant sikyatrik atravè tout eta a, epi li sipèvize tou Nathan S. Kline Institute ak New York Psychiatric Institute. Anplis de sa, ajans lan gen responsablite pou li regle, sètifye, epi sipèvize plis pase 6,500 pwogram lokal ki dirije pa gouvènman lokal ak òganizasyon san bi likratif, ki angaje yo pou sèvi moun ak fanmi k ap viv ak maladi mantal.

Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal la te etabli an 2013 gras ak Lwa sou Pwoteksyon Moun ki gen Bezwen Espesyal. Ajans lan te kreye pou retabli konfyans piblik la nan enstitisyon ak moun ki responsab pran swen popilasyon vilnerab yo, lè li pwoteje sante, sekirite, ak diyite tout moun ki gen bezwen espesyal. Pou plis enfòmasyon sou ajans lan, vizite: justicecenter.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU